



Pou Piblikasyon Imedya: 13/12/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 8 PWOJÈ TRANSFÒMATÈ POU VILAJ MASSENA NAN KAD INISYATIV REVITALIZASYON ANBA LAVIL 10 MILYON DOLA A

Uit Pwojè Revitalizasyon Anba Lavil pral amelyore peyizaj lari ak espas piblik yo, restore batiman ankraj yo, sipòte ti biznis yo ak kreye yon anba lavil ki pi dinamik

Investisman 10 milyon dola DRI a nan 5èm faz la se yon pati nan objektif estratejik pou anrichi kominote a ak pwojè katalizè kle yo

Reprezantasyon Grafik Pwojè yo Disponib [isit la](#)

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te anonse uit pwojè transfòmatè nan Vilaj Massena nan kad prim sibvansyon Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil (DRI) 10 milyon dola a. Prim yo pral re-itilize bilding ki te delabre yo, amelyore espas piblik yo ak koneksyon peyizaj lari yo, elaji aksè ak plezi nan litoral la ak elaji opòtinite komèsyal ak rezidansyèl nan sant vil Massena ki istorikman entak epi ki chaje a.

"N ap antre nan yon nouvo epòk pou Massena, sa k ap atire travay, biznis, ak moun epi fè kominote a yon pi bon kote pou viv ak travay", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Gras ak investisman DRI sa a, Nouyòkè yo ak vizitè yo pral kapab jwi istwa rich Massena ak yon anba lavil ki dinamik pandan plizyè deseni k ap vini yo."

Revitalizasyon Massena konsantre sou kreye yon kominote ki pi fasil pou mache, ki pi vèt, ki pi dinamik ak pi konekte. Massena gen yon istwa long epi ki rich kòm youn nan premye koloni yo nan Konte St. Lawrence. Menm jan ak anpil lòt kominote nan pati Nò Eta a, Massena te sibi bès, dezinvestisman ak emigrasyon ki soti nan de-endistriyalizasyon. Men, avèk cham li yo, forè abondan, aksè ak litoral ak kouran elektrik ki pa chè, Vil la te pran anplè pou redefini ak revitalize anba lavil li a, jan deklarasyon vizyon li montre klèman -- "Fè Massena Avanse: Yon Pase ki Fyè, yon Avni ki Pwomèt."

Atravè Prim Inisyativ Anba Lavil la (DRI), Vilaj la pral transfòme anba lavil li a nan amelyore peyizaj lari li yo ak espas piblik li yo, restore ak re-itilize bilding ankraj prensipal yo, epi sipòte ti biznis yo. Investisman yo fè pati efò Gouvènè a k ap kontinye pou revitalize ekonomi rejyon nò Eta a epi kreye plis opòtinite pou rejyon North Country a. Se Depatman Eta ki dirije DRI ki bay asistans teknik pandan chak kominote k ap

patisipe yo ap devlope yon Plan Envestisman Estratejik ki idantifye pwojè espesifik ak yon vizyon inik pou revitalizasyon zòn anba lavil la. Envestisman 9.7 milyon dola DRI a pral ogmante investisman sektè piblik ak prive pandan pwosesis revitalizasyon an ap kontinye epi pran anplè.

Pwojè presi yo ki pral finanse atravè DRI gen ladan:

Amelyore peyizaj lari yo ak espas piblik yo

Avanse Amelyorasyon Peyizaj Anba Lavil - Prim DRI 2,984,000 dola

Aplike amelyorasyon peyizaj lari yo ki gen ladan ekleraj lari yo, twotwa yo, pye bwa nan lari yo, ekleraj anba pon, koneksyon pyeton, ban ak oryantasyon pou kreye yon estetik lari inifye.

Kreye yon Pasrèl & Lakou Riverwalk - Prim DRI: 1,900,000 dola

Transfòme ansyen sit Massena School of Business (Lekòl Komès Massena) la an lakou/espas tranzisyon ak mezanin, ki konekte koridò anba lavil la ak zòn rivren yo pandan y ap prezève fasad School of Business istorik la.

Etabli Riverwalk Anbalavil la - Prim DRI: 1,715,000 dola

Kreye yon pwomnad rivyè panoramik sou pati nan Rivyè Grasse ak fòmalizasyon lansman kayak la dèyè Depatman Ponpye (Fire Department) an kowòdinasyon ak pwopriyete tè aktyèl yo.

Retabli Bilding Ankraj ki egziste deja yo

Transfòme JJ Newberry Building - Prim DRI: 1,633,000 dola

Modènize ak repare yon bilding istorik: enkòpore apatman, espas lavant an detay fleksib, ak espas biwo, ansanm ak yon ak teras sou twati, epi ranplase fasad ki egziste deja.

Renove 37 Water Street - Prim DRI: 605,000 dola

Renove yon bilding abandone pou fabrikasyon lejè ak lavant komèsyal rejyonal krèm glase, yogout, ak fwomaj, ansanm ak yon vitrin magazen krèm ki vann an detay ak apatman nan dezyèm etaj la.

Renove 94-96 Main - Prim DRI: 163,000 dola

Renove yon ansyen bilding makèt ak yon teren adjasan ki vid pou pakin. Yo pral remodele bilding sa a pou espas Pwofesyonèl oswa espas ki Vann an Detay.

Restore Historic 48 Main - Prim DRI: 100,000 dola

Retabli fasad devan, lateral, ak dèyè bilding ankraj Main Street la ansanm ak youn nan devan magazen inik yo.

Sipòte Ti Biznis yo

Lanse CORE Fon Kominotè a - Prim DRI: 600,000 dola

Amelyore nwayo anba lavil la nan bay sibvansyon pou efò revitalizasyon ak asistans teknik pou ede biznis yo bati kapasite.

Sekretè Deta New York, Robert J. Rodriguez, te deklare, "Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la kontribiye grandman pou kominote tankou Massena ak pwojè sa yo pral pèmèt vilaj la onore pase yo nan restore ak revitalize bilding istorik yo pandan y ap pouse pou pi devan pou yon avni ki pi briyan. Depatman Deta (Department of State, DOS) fyè dèske li fè pati pwogram vital sa a ki dinamize anba lavil nou yo, kreye nouvo espas ouvè, epi sipòte ti biznis yo. Felisitasyon pou Massena pou pwojè yo."

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Hope Knight, te deklare, "Pwojè sa yo reimajine yon anba lavil Massena ki pratik pou mache epi ki dinamik, ki pi byen konekte rezidan yo ak vizitè yo sou litoral la, transfòme bilding istorik yo an sant komèsyal ak rezidansyèl epi fè espas abandone yo retounen vivan. Nou fyè pou nou sipòte investisman estratejik sa a nan sant vil Eta New York yo, fè yo vin kote moun vle viv ak pwospere."

RuthAnne Visnauskas, ki se Komisè Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) nan Eta New York, te deklare, "Uit prim yo anonse jodi a pral amelyore kalite lavi pou Nouyòkè k ap viv nan vilaj Massena epi yo pral ede atire nouvo vizitè nan kominote istorik bò litoral sa a. Nan travay ak lidè lokal yo, Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil eta a ap ranfòse katye yo atravè New York atravè Envestisman entelijan ki dirije pa bezwen sou tèren an. Lè yo amelyore aksè ak litoral, redevlopman espas vid yo, epi sipòte kwasans ti biznis yo, DRI ap soufle yon nouvo lavi nan anba lavil Massena."

Senatè Eta a Joseph Griffo te deklare, "Plan Massena te mete ansanm lan te pèmèt kominote a jwenn finansman avèk siksè ki pral re-itilize pwopriyete ki te delabre yo, amelyore koneksyon ak peyizaj lari yo epi sipòte lòt opòtinite komèsyal ak rezidansyèl nan anba lavil la. Pwojè sa yo pral amelyore ak ranfòse kominote a epi ede yo pozisyon li pou yon avni ki pi klere ak pi pwomèt menm."

Majistra Gregory Paquin te deklare, "Vilaj Massena kontan anpil pou anons benefisyè DRI yo. N ap tann ak enpasyans pou nou travay ak benefisyè sibvansyon DRI yo nan espwa pou n vrèman revitalize zòn anba lavil la vin tounen yon kote k ap pwospere, ki pratik pou fanmi ke tout moun ka jwi. Envestisman piblik ak prive yo prevwa nan DRI a pral transfòme katye anba lavil la an yon sant vibran ki ofri yon bon kalite lavi epi ki aji kòm yon leman pou redevlopman, biznis, kreyasyon djòb, ak divèsite ekonomik ak lojman. Sa a se yon pwosesis ki pa pral fèt jodi ak demen, epi mwen mande pou kominote Greater Massena a gen pasyans pandan n ap travay atravè pwosesis sa a."

Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil

DRI Eta New York, yon poto mitan pwogram devlopman ekonomik, transfòme katye anba lavil yo pou tounen sant aktivite dinamik ki ofri yon kalite lavi elve ak atire reyamenajman, biznis, kreyasyon travay ak divèsite ekonomik ak lojman. DRI, ke

Depatman Eta a avèk asistans Empire State Development, Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote ak NYSERDA dirije, reprezante yon estrateji san parèy ak inovatè "planifye-anwit-aji" ki mete ansanm planifikasyon estratejik avèk egzekisyon imedyat ak mennen nan anba lavil konpak, adapte pou mache ki se engredyan kle nan ede Eta New York rebati ekonomi li apre enpak pandemi COVID-19 la, epitou nan reyalize objektif odasye Eta a nan zafè klima gras a pwomosyon itilizasyon transpò piblik ak rediksyon depandans sou machin prive. Plis enfòmasyon sou DRI a disponib [isit la](#).

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418